20.- WONE BÀŋQAASU NJÀŋGALE

Ci turu mboleem ñi séqq njàŋg mi fii ci Aragon, dalleen ci jàmm yow ak sa waa kër.

Njàŋg mi amna njariñ ngir nit ku nekk ak itam ngir askanwi. Dina la dimbële nga am daraja, nga yookk sa mënmën, dinga gënë xam itam liy dëgg ak yeneen.

Fi ci Espaañ njàŋg jang mi mingi nekk ci loxoy guwerenmaa bi ak dëkk yi. Loolu moo tax njàŋg mi ak diploom yi benn la ci Espaañ gépp, doonte sax kunekk ca dëkk ba nga nekk lañ lay jàŋgal ngir nga xam ko bubaax.

Njàŋg mu warmi lu am solola ndax liko taxa jóg mooy ñu fexe ba képp kuko jeexal nga mënë dund ak nite ñu wute. Mënë dund ci réewum demokrasi, ci réew mu bari ay aada. Kuko jeexal boo bëggee dinga mën itam kontine sa njàŋg jëm ci daara ju mag ji. Loolu mootax njàŋg moomu dina xawa jafe rawatina boo jógee ci beneen réew di làkk làkk bu wutee'k binga wara jàŋg. Ci njëlbeen dina jafe nga xam nanla njàŋg mi di doxe, lanelañ wara def ci njàŋg mu nekk.

Kalaas yinga xamne dafa am xeet yu bari dinañu ubbil ay bunt ngir ñu mënë xamante mënë jàŋgando. Nit ñu bari ñingii liggéey ngir loolu menë yoomb. Jàŋgalekat yi ak képp ku nekk ci ekool bi nekkewuñfi ludul dila teg ci yoon. Kuréel gi yor njàŋg mi fii ci Aragón wutenañ ay juumtukaay ngir jappale jàŋgalekat yi ak ay juumtukaay ngir waa ekool bi.

Wideo dina dimbële ngir nga xam doxalinu njàŋgmi cisa ekool, say yelleef wolla book "droit", ak say wareef wolla book "dewaar", ak bunt yinga am ngir kontine sam njàŋg.

Jàŋg beneen làkk budul sa bos lu jafe lool la. Xamnañu ni mën na nekk gallaŋkoor ngir nga kontine sam njàŋg. Bul tayyi doonte sax jafena. Xalaatal ni ay góor ak ay jigéen yu mel na yow amenañu ci ay ndam yu rëy.